

Enstriksyon ak Verifikasyon pou Voye Demann Resètifikasyon Èd pou Gadri an

Aplikan k ap ranpli Resètifikasyon yo pou Demann pou Èd pou Gadri (CFWB-012) dwe mete ajou aplikasyon yo si sa nesèsè epi yo dwe mete ladann dokiman sipò. Sèvi ak enstriksyon sa yo ak lis verifikasyon an pou asire w aplikasyon w lan konplè avan w soumèt li.

Seksyon 1: Aplikan an

Tanpri bay tout enfòmasyon yo mande nan Seksyon 1 an. Yo pral ranpli kèk enfòmasyon davans ak enfòmasyon ou te bay sou dènye aplikasyon w lan oswa resètifikasyon w lan. Tanpri konfime enfòmasyon ki ladan yo kòrèk.

Si adrès ou rete menm jan: Pa gen anyen nouvo pou w soumèt! Tanpri ale nan Seksyon 2 a.

Si adrès ou chanje: Tanpri mete adrès ou a ajou nan Seksyon 1 an epi bay youn nan bagay sa yo pou verifye rezidans ou nan vil New York; bagay sa yo dwe genyen nouvo/aktyèl adrès ou a:

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Lisans pou kondui | <input type="checkbox"/> CFWB-067 Atestasyon Rezidans |
| <input type="checkbox"/> IDNYC | <input type="checkbox"/> CFWB-027 Atestasyon Lojman ak adrès sou li |
| <input type="checkbox"/> Seksyon 8 Lèt Prim | <input type="checkbox"/> Lèt Rezidans Abri a ak Adrès sou li |
| <input type="checkbox"/> Sètifika NYCHA | <input type="checkbox"/> Lòt: _____ |
| <input type="checkbox"/> Bòdwo sèvis piblik ak adrès ou genyen kounye a
(egzanp elektrisite, gaz, chofaj, lwil, dlo Wifi/entènèt, kab, oswa telefòn fiks)* | <i>Tanpri sonje: Si "LÒT" dokiman yo pa fin bon, ACS ap fè moun k ap aplike a konnen sa.</i> |
| <input type="checkbox"/> Kontra Lwaye aktyèl ou, lokasyon, oswa deklarasyon ipotèk ak adrès* | |

Dokiman yo pa ka ekspire.

Dokiman ki gen youn * pa ka genyen plis pase 60 jou.

Seksyon 2: Timoun (yo) Ki Bezwen Sèvis Gadri A

Yo pral ranpli kèk enfòmasyon davans ak enfòmasyon ou te bay sou dènye aplikasyon w lan oswa resètifikasyon w lan. Tanpri konfime enfòmasyon ki ladan yo kòrèk.

Si pa gen anyen ki chanje konsènan timoun lakay ou ki bezwen sèvis gadri: Pa gen anyen nouvo pou w soumèt! Tanpri ale nan Seksyon 2b a.

Si nenpòt timoun ki nan lis la pa bezwen sèvis gadri ankò: Tanpri pase trè sou non an (yo).

Si ou gen nouvo timoun ki bezwen sèvis gadri: Pou chak nouvo timoun ki bezwen sèvis gadri, ranpli tout enfòmasyon konsènan timoun sa yo nan youn nouvo liy nan Seksyon 2 a. Tout liy yo dwe ranpli (egzanp Non, Kisa timoun la ye pou ou, Dat Nesans, elatriye.). Pou kesyon ki gen rapò ak ras la, itilize Kòd Afilyasyon Rasyal ki anba paj la. W ap bezwen bay youn nan dokiman sa yo tou pou chak nouvo timoun:

1. Eitati Sitwayènte/Imigrasyon

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Kat Anrejistreman Etranje tankou Kat Rezidan Pèmanan oswa Kat Rezidans | <input type="checkbox"/> Batistè Ameriken |
| <input type="checkbox"/> FS-240 (Rapò sou Yon Sitwayen Ameriken Ki Fèt Aletranje) | <input type="checkbox"/> Paspò Ameriken |
| <input type="checkbox"/> Lòt: _____ | <input type="checkbox"/> Sètifika Natiralizasyon |

Tanpri sonje: Si "LÒT" dokiman yo pa fin bon, ACS ap fè moun k ap aplike a konnen sa.

2. Relasyon timoun nan ak Paran/Aplikan an

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Sètifika adopsyon oswa òdonans tribinal adopsyon an | <input type="checkbox"/> Batistè |
| <input type="checkbox"/> Paspò avèk siyati paran an | <input type="checkbox"/> Ak Batèm |
| <input type="checkbox"/> Òdonans tribinal pou responsab legal ki gen responsablite finansyè | <input type="checkbox"/> Lòt (tanpri ranpli Atestasyon moun k ap okipe a CFWB-058) |

3. Laj

- | | |
|-----------------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> Batistè | <input type="checkbox"/> Kat Anrejistreman Etranje |
| <input type="checkbox"/> Ak Batèm | <input type="checkbox"/> Dosye Adopsyon |
| <input type="checkbox"/> Paspò | <input type="checkbox"/> Dokiman ofisyèl lopital la sou nesans timoun nan |

Seksyon 2b: Manm Fanmi

Fè lis manm nan kay la ki pa bezwen sèvis gadri. Si sa aplikab, endike mari oswa madanm, dezyèm paran pitit ou a, moun k ap okipe l oswa bo paran, ak nenpòt lòt adilt ou pataje yon timoun, si yo abite lakay ou. Dezyèmman, si sa aplikab, endike nenpòt frè ak sè ki poko gen 18 lane ki abite lakay ou. Endike lòt manm nan kay la, tankou matant, tonton, kouzen, granparan, oswa zanmi, si yo gen responsabite finansyè pou timoun nan. Yon manm nan kay la ki gen responsabite finansyè, ki pa yon paran oswa bòpè/bèlmè, se yon manm nan kay la ki gen yon lèt oswa yon òdonans gadyen. Sinon, pa mete yo.

Seksyon 3: Bezwen Timoun/Fanmi

Ranpli tout enfòmasyon yo mande nan Seksyon 3 Chak aplikan dwe gen yon rezon ki kalifye pou sèvis gadri; nan yon kay ki gen de (2) paran, paran yo oswa responsab yo ka gen menm rezon oswa rezon diferan pou sèvis gadri. Tanpri konfime rezon ou an (yo) pou sèvis gadri nan seksyon sa a epi bay dokiman sa yo selon rezon ou an. Sa yo obligatwa menm si rezon ou an (yo) pou sèvis gadri pa chanje depi dènye aplikasyon w oswa resètifikasyon w lan.

a. Travay (Travay plis pase 10 èdtan pa semèn pou touche omwen yon salè minimòm)

- Ranpli Seksyon 4 - Travay
- Soumèt dokiman Travay oswa Travay Endepandan, ki endike nan Seksyon 6 anba “Salè minimòm/Salè”

b. Aktivite Edikatif/Aktivite Pwofesyonèl

- CFWB-005 Fòm Verifikasyon Pwofesyonèl, Edikasyon ak Fòmasyon OSWA
- Yon lèt ki soti nan pwogram edikasyon oswa fòmasyon pwofesyonèl la sou papye ki gen antèt ofisyèl yo; lèt sa dwe genyen tout enfòmasyon ki nesèsè nan CFWB-005 Pwofesyonèl, Fòm Verifikasyon Edikasyon ak Fòmasyon.

c. Ap Chache Travay

- CFWB-026 - Dosye Rechèch Travay OSWA
- Depatman Travay nan Eta New York Apwouve Plan Rechèch Travay La OSWA
- Prèv ou resevwa Asirans Chomaj

d. Pwoblèm Sanzabri

- Lèt Rezidans Chèltè a (Si w ap viv nan nan Chèltè, tankou Sant Sekou pou Ijans Imanitè) OSWA
- CFWB-027 Atestasyon Lojman (Si w pataje lojman, nan yon kote ki pa fèt pou moun abite, nan yon otèl/motèl, oswa nan yon lòt aranjanman)

e. Patisipe nan Sèvis Lit Kont Vyolans nan Kay

- Referans pou sèvis nan men yon founisè sèvis kont vyolans nan kay

f. Suiv Tretman pou Konsomasyon Sibstans Toksik

- Referans pou tretman oswa sèvis nan men yon founisè sèvis pou Konsomasyon Sibstans Toksik

Seksyon 4: Travay

Ranpli tout enfòmasyon nan Seksyon 4 la si oumenm ak/oswa dezyèm paran/Responsab la gen “Anplwa” kòm rezon (yo) pou swen. Sa a obligatwa menm si Travay ou a pa chanje depi dènye aplikasyon w oswa resètifikasyon w lan.

Seksyon 5: Orè Travay/Aktivite/Vwayaj

Ranpli tout enfòmasyon ki nan Seksyon 5 lan. Sa a obligatwa menm si orè ou a pa chanje depi dènye aplikasyon w oswa resètifikasyon w lan.

Seksyon 6: Enfòmasyon sou revni

Tout aplikan yo dwe bay dokiman sou revni kèlkeswa rezon ki fè yo mande sèvis gadri a. Sa a obligatwa menmsi revni w pa chanje depi dènye aplikasyon w oswa resètifikasyon w lan.

Salè minimòm/Salè

Si w ap Travay epi w ap Resevwa Fich pèman:

Ou dwe soumèt fich pèman ou yo pou konfime revni ou. Kantite fich pèman ou dwe soumèt yo varye selon konbyen fwa yo peye w epi si montan pèman w lan menm oswa diferan chak fwa yo peye w – gade tablo ki anba a pou plis detay. Fich pèman yo dwe montre revni Brit (revni ou anvan taks).

Soumèt dènye fich pèman ou te resevwa a, youn apre lòt nan yon lòd konsekitif san entèripsyon. Si pèman ou an varye, sa yo mande w pou soumèt la egal ak 3 mwa salè minimòm – si w kwè 3 mwa anvan yo pa reprezante salè minimòm ou, ou ka soumèt jiska 6 mwa fich pèman.

Konbyen fwa yo peye w?	Konbyen yo peye w?	
	Toujou menm kantite lajan an	Kantite diferan a chak fwa
Chak Semèn (Chak semèn)	4 pi resan, Fich pèman youn apre lòt	12 pi resan, youn apre lòt Fich pèman
Chak De (2) Semèn (Chak De (2) Semèn)	2 pi resan, Fich pèman youn apre lòt	6 pi resan, youn apre lòt Fich pèman
De (2) Fwa pa Mwa (De (2) Fwa pa Mwa)	2 pi resan. Fich pèman youn apre lòt	6 pi resan. youn apre lòt Fich pèman
Chak Mwa (Yon (1) Fwa pa Mwa)	3 pi resan, Fich pèman youn apre lòt	3 pi resan, youn apre lòt Fich pèman

Si w ap Travay epi w pa Resevwa Fich pèman:

CFWB-015 - Referans pou Patwon pou Fòm Enfòmasyon sou Revni Anplwaye

Revni pou Travayè Endepandan:

- Si w se Travayè Endepandan pandan 1 lane oswa plis: Soumèt yon fòm 1040 aktyèl, konplè epi ki siyen AK yon Orè 1 (Fòm 1040) Ak youn nan dokiman sa yo, selon kalite biznis ou:
 - Pou Antrepriz ki gen Yon Sèl Pwopriyete: Orè C (Fòm 1040) ak nenpòt Fòm 1099 ki gen rapò
 - Pou S-Corp ak LLC-Corp: Fòm 1120-S
 - Pou Patenarya LLC: Fòm 1065
- Si w se travayè endepandan pandan 1 lane oswa plis, men ou pa gen yon Fòm 1040 aktyèl akòz w ap depoze yon ekstansyon: Soumèt yon fòm 4868 konplè epi ki siyen AK twa (3) mwa dosye biznis yo kenbe pou rezon taks.
- Si w se travayè endepandan pandan mwens pase 1 lane: soumèt CFWB-031 Atestasyon Enfòmasyon sou Revni Travayè Endepandan AK twa (3) mwa dosye biznis.
- Si w se travayè endepandan pandan mwens pase 3 mwa: Soumèt CFWB-031 Atestasyon Enfòmasyon sou Revni Travayè Endepandan AK dosye biznis pou chak mwa travay endepandan.

Lòt Revni:

- Pou SSI, SSD, avantaj pou chomaj, revni pou lokasyon, pansyon, rant, konpansasyon travayè: Soumèt prèw sous revni sou fòm yon chèk resan, fich pèman oswa lèt atribisyon prim (award letter). Ou pa bezwen mete SSI okenn timoun nan kay ou resevwa. Si kantite lajan se menm chak mwa, ou dwe bay dokiman yon (1) mwa. Si kantite lajan an diferan chak mwa, ou dwe bay dokiman 3 mwa. Si w kwè 3 mwa anvan yo pa reprezante revni tipik ou nan sous sa a, ou ka soumèt dokiman ki kouvri yon peryòd jiska 6 mwa. Dènye chèk la, fich pèman oswa lèt prim nan dwe date nan 30 jou ki vini apre dat ou te soumèt aplikasyon ou a.

- Pou pansyon alimantè ak sipò timoun: Soumèt dokiman si w gen yon akò, yon lèt prim oswa yon kopi chèk. Si kantite lajan se menm chak mwa, ou dwe bay dokiman yon (1) mwa. Si kantite lajan an diferan chak mwa, ou dwe bay dokiman 3 mwa. Si w kwè 3 mwa anvan yo pa reprezante revni tipik ou nan sous sa a, ou ka soumèt dokiman ki kouvri yon peryòd jiska 6 mwa. Akò ki pi resan an, lèt prim, oswa chèk la dwe date nan 30 jou ki vini apre dat ou te soumèt aplikasyon ou a.

Seksyon 7: Founisè

Ou pa bezwen ranpli seksyon sa a kòm yon pati nan resètifikasyon ou.

Seksyon 8: Sètifikasyon

Siyen aplikasyon an nan Seksyon 8. Si gen de (2) paran / moun k ap bay swen nan kay la, siyati toulede obligatwa: